KOVID-19 MIZAJOU

DWA TRAVAYÈ NAN SID LA

- Yon espas travay ki pa gen risk sante ak sekirite ki ka koze lanmò oswa domaj fizik grav.[1]
- Ekipman pwoteksyon - tankou ekipman pwoteksyon pèsonèl pou je, figi, tèt ak lòt pati nan kò ou; rad pwoteksyon; aparèy respiratwa; ak defans pwoteksyon ak baryè - lè li nesesè pou pwoteje kont danje yo.[2]
- Fòmasyon sou ki jan yo sèvi ak ekipman pwoteksyon pèsonèl kòrèkteman.
- Ale nan twalèt la chak fwa li nesesè, menm pou lave men ou.[3]
- Refize fè travay danjere nan kèk sikonstans.

- Baryè fizik pou kontwole pwopagasyon viris la.
- Distans sosyal pou evite kontak avèk moun ki malad.
- Ekipman pwoteksyon pèsonèl.
- Ijyèn (tankou aksè a s$55 0 0 9$ssel.

- Pale nan yon gwoup de oswa plis travayè sou kondisyon travay yo san yo pa bezwen pè diskriminasyon, vanjans oswa entèwogasyon nan men patwon-an.
- Demann nan yon gwoup de oswa plis travayè ke ou tout resevwa konje peye ak lòt benefis konje.
- Refize travay nan yon gwoup de oswa plis travayè pou manifeste kont kondisyon danjere.
- Yon sèl endividyèl pwoteje tou si li pote plent bay patwon an sou non yon gwoup travayè.
- Si ou se yon manm sendika, ou ta dwe kontakte reprezantan lokal ou a paske kontra sendika ou ka bay dwa ak obligasyon adisyonèl.

- Nan Lwizyàn, Jòrji, Florid, Alabama ak Kawolin Di Sid, yon travayè gen dwa a konpansasyon travayè yo si yo vin malad nan travay la. Yon travayè ta dwe rapòte maladi a bay patwon li pli vit ke posib. Kèk eta mande pou patwon an resevwa avi a nan 30 jou. Anplis, yon travayè jeneralman gen yon ane (de ane nan Florid) pou depoze yon reklamasyon avèk tablo konpansasyon travayè yo.
- Anplwayè yo pa ka fè vanjans kont yon anplwaye ki rapòte yon aksidan oswa depoze yon reklamasyon konpansasyon pou travayè yo.

1 65 4( )(1)
2 1 1 1 ( )
2 2 0 32
1 1 141
3 2 0
4 (1), //
3
5 66 ( )
6 2 0
5 ( )
2 3

SPLC Southern Poverty Law Center